



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAJAN FINANSMAN AN DOUBLE POU DEZYÈM
TOU PWOGRAM SIBVANSYON KLAS PWOMNAD “CONNECT KIDS TO PARKS”**

***Leta pral Double Lajan pou Pwogram ki te Pèmèt 750 Klas Pwomnad pandan
Premye Ane a***

***Nouvo Saldeklas Creekside (“Creekside Classroom”) nan Saratoga Spa State
Park (Pak Leta Saratoga Spa) Ouvè pou Piblik la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York pral double finansman pou pwogram sibvansyon klas pwomnad “Connect Kids to Parks” (Mennen Timoun yo nan Pak) lajan an ap pase de 500,000 dola a 1 milyon dola pou pèmèt plis vizit edikatif nan pak leta yo, sit istorik ak teren piblik. Grasa pwogram sibvansyon klas pwomnad “Connect Kids to Parks,” leta bay lekòl piblik nan distrik “Title 1” toupatou nan Eta New York lajan pou finance klas pwomnad nan pak leta yo ak sit istorik pou pwogram edikasyon anviwòmantal, istorik e fizik. Pandan premye ane a, pwogram nan te finance prèske 750 klas pwomnad; li te sèvi prèske 30,000 timoun lekòl piblik nan distrik “Title 1” toupatou nan eta a.

“Pwogram sa a kreye opòtinite pou anpil jèn moun New York elaji orizon yo e eksplòre bote natirèl san parèy pak leta ki nan tout rekwen eta sa a,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “N ap kontinye siksè nou te jwenn ane pase; n ap kontinye fè plis jèn moun nan New York dekouvri pak klas mondyal ki nan pwòp jaden yo, e n ap fè jenerasyon demen an (ki gen pou l tounen delege anviwonman an) apresye trezò natirèl ki genyen.”

Yo te fè anons sa a pandan gwoup elèv ki te soti Geyser Road Elementary School nan Saratoga Springs ak Jesse T. Zoller Elementary School nan Schenectady t ap vizite nouvo “Saldeklas Creekside” ki te koute 667,000 dola nan Saratoga Spa State Park.

Aplikasyon pou dezyèm ane a ap disponib apati 1^{ye} jiyè. Finansman pou pwogram sibvansyon klas pwomnad “Connect Kids to Parks” ap soti nan pwogram Jistis Anviwonmantal (Environmental Justice) Fon Pwoteksyon Anviwonman (Environmental Protection Fund) yo apwouve pou Bidjè 2017-18 Eta a. Enfòmasyon sou pwogram sibvansyon an disponib [isit la](#).

Komisyone Park Eta New York yo (New York State Parks), Rose Harvey te di:

“Sistèm Pak Eta New York se yon kote eksepsyonèl pou elèv yo aprann leson memorab sou lasyans, lanviwònman, ak listwa. Grasa soutyen pwogram Pak NY 2020 (NY Parks 2020) Gouvènè Cuomo an, nou ka kontinye enspire yon nouvo jenerasyon delege anviwònman an, lè nou revitalize sistèm pak eta nou an e ofri plis opòtinite bay timoun ak granmoun pou yo apresye lanati.”

Komisè Depatman Pwoteksyon Anviwonman (Department of Environmental Conservation, DEC) a Basil Seggos te di:

“Timoun sèjousi vin dekonekte ak lanati. Se sa ki fè Gouvènè Cuomo ap ankouraje plis moun New York dekouvri bote natirèl ki gen deyò a. Grasa yon investisman soutni 300 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònman, program *Saldeklas Creekside* ak *Connect Kids to Parks Field Trip* pral fè timoun yo, sitou sa k ap viv nan kominote Jistis Anviwòmantal ki gen aksè limite a lanati, dekouvri mond natirèl ki toutotou yo epi sa va enspire yon nouvo jenerasyon delege lanati ak lidè nan zafè konsèvasyon.”

Saldeklas Creekside

Komisyone Harvey te inogire tou nouvo Saldeklas Creekside la nan Saratoga Spa State Park, ki konplèman efò Eta New York pou ankouraje plis lekòl òganize klad pwomnad nan pak, sit istorik ak teren piblik pou pwogram edikasyon pratik.

Nouvo etablisman a itilizasyon miltip sa a ofri yon nouvo saldeklas pou pwogram anviwònman ak gid benevòl pak la. Pwojè 667,000 dola sa a transfòme yon ansyen estasyon konfò pou fè l tounen yon nouvo saldeklas 2,350 pye kare pou pwogram edikasyon environmantal pak la. Yo te ajoute pankat ansanm ak kat jeyografik nan pak la pou oryante moun pi byen e ofri enfòmasyon bay 2 milyon vizitè pak la akeyi chak ane. Anplis de sa, pwojè a gen ladan yon espas pou limen dife deyò a, avèk syèj, yon jaden lapli, ak ban; espas sa a ka sèvi tou kòm yon ajoupa pou rechofaj pandan sezon livè a. Saldeklas la ofri yon espas ki nesèsè e ki a itilizasyon miltip pou akeyi gwoup elèv ak lòt gwoup pou tout kalite pwogram ak evènman fòmasyon. Finansman pou pwojè a te fèt grasa pwogram Pak NY 2020 Gouvènè Cuomo a.

Senatè Eta, Kathy Marchione, yon manm Komite Tourism, Pak ak Rekreyasyon Afè Kiltirèl Sena a (Senate's Cultural Affairs, Tourism, Parks And Recreation Committee), te di:

“Sistèm Pak Eta nou an fè rès nasyon an jalou. Saratoga Spa State Park se yon trezò kominote ki san parèy e ki ofri avantaj estwòdinè. Lè nou fè timoun dekouvri bote natirèl ak istwa byen rich Saratoga Spa State Park, sa pral bay yon eksperyans aprantisaj enkwayab e san parèy pou devlope imajinasyon, louvri yon mond posiblite e konekte plis timoun avèk lanati New York. Mwen kontan dèske elèv Geysers Road Elementary School pral kapab dekouvri e jwi nouvo Saldeklas Creekside la yo menm. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo, ak Komisyone Pak Eta, Komisyone Harvey, pou pwogram fòmasyon, inovatè sa a ki mete aksan sou kèk nan pi bèl eleman nan kominote Saratoga nou an.”

Senatè Jim Tedisco te di: “Nouvo Saldeklas Creekside la ap bay timoun yo opòtinite pou aprantisaj pratik sou lanati ak anviwònman pandan y ap pase tan nan bèl Saratoga Spa State Park nou an, ki se yon bijou nan zòn nan. N ap di Gouvènè a ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) mès pou investisman sa a yo fè nan edikasyon pou benefisye 49^{yèm} Distrik Sena a ak tout eta nou an.”

Manm Asanble Carrie Woerner te di: “Saratoga Spa State Park se yon bijou anviwònmantal, edikasyonèl, e ekonomik nan Saratoga Springs ak kominote Capital Region yo. Mwen konvenki pwogram ak resous nouvo Saldeklas Creekside la ofri nan pak la pral benefisyè kominote lokal la ansanm ak tout vizitè, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Komisyonè Harvey pou lidèchip yo ki pèmèt devlope Program Pak NY 2020 an.”

Pak Leta ap kontinye aksepte biyè Every-Kid-In-A-Park (“Tout Timoun nan yon Pak”) pou sezon k ap vini an. Tikè an pèmèt moun antre nan Pak Eta yo gratis pandan lajounen; se pou tout elèv katriyèm ane ak fanmi yo, depi gen yon elèv katriyèm ane ki nan machin nan. Pou plis enfòmasyon sou pwogram nan e jwenn yon biyè, tanpri vizite: <https://parks.ny.gov/environment/connect-kids.aspx>.

Sou administrasyon Gouvènè Cuomo a, Eta New York ap fè yon angajman istorik pou amelyore epi ogmante aksè a aktivite anplennè. [Pwogram Gouvènè a pou Pak NY yo pou lane 2020 an \(NY Parks 2020\)](#), se yon angajman ki etabli sou plizyè lane pou investi 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Leta yo soti lane 2011 pou rive nan lane 2020.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418